OUT 2020

# PROJECT SOLAS

RECONNAISSANCE GROUP

## DEVLOPMAN MONDYAL SYANTIFIK NAN COVID-19

## EDISYON 2

Prepare pa: Caroline Tsang and Jake Henry
Sipò: Pierre Caillot Dessources and Camille Michel

Apwouve pa: Shane Henry, CEO

Nan moman ke nap pibliye bilten saa, rezilta statistik Oganizasyon Mondyal Lasante sou Covid-19 yo te jan sa a:

**Ka konfime - 18.3million**
**Nouvo ka - 176,000**
**Lanmò - 695,000**

Chèchè enkwayab nou yo te pase mwa jiye a ap revize devlopman ak rèstriktirasyon syantifik yo sou Covid-19.

Figi pandemi 2020 sa'a chanje chak jou. Gen kèk peyi ki te reouvri ekonomi yo avèk siksè, gen lòt ki wè maladi a tounen sou yo pi red, kantite moun malad yo ogmante.

Objektif Pwojè Solas se fè limyè jayi sou devlopman pozitif nan batay kont Covid-19 nan mond lan.

Dokiman sa a disponib an kreyòl, franse ak anglè.



*Map source: WHO*
*5th August 2020*



# ASIE

**Dat preparasyon: jen 2020**

## Devlopman medikaman/ vaksen

Medikaman kont viris grip chimik Fujifilm Toyama a ke yo rele Avigan (favipiravir), ki aktyèlman nan faz III te kòmanse an Avril pou trete pasyan COVID-19 O'Japon. Nouvèl esè faz III a pral evalye sekirite ak efikasite Avigan kòm yon tretman potansyèl COVID-19 (1)

Bionet-Azi, yon konpayi lokal kap travay ak gouvènman nan peyi Tayland ak yon gwo inivèsite nan Bangkok, te kanpe sou tout lòt aktivite yo epi mete 250 moun ak tout laboratwa teknoloji yo ak enstalasyon yo pou devlopman ak pwodiksyon yon vaksen COVID-19. (2)

An Kore di Sid, vaksen tès Celltrion an te montre yon pi bon amelyorasyon nan rekiperasyon nan nen k'ap koule, tous ak kò fè mal apre premye jou nan tretman, epi fini ak zafè enflamasyon nan poumon si jou aprè etid pre-klinik yo. Gras a sa, konpayi an fè plan poul kòmanse fè esè klinik sou moun nan fen jiyè. (3)

Kalbe Farma ki lokalize nan peyi Endonezi te siyen yon akò avèk konpayi biotechnoloji Genexine Inc. ki nan Kore di sid pou kòmanse esè klinik yon vaksen eksperimantal COVID-19 nan Endonezi. Yo te teste vaksen eksperimantal ki rele GX-19 sou makak, sa ki bay rezilta yon antikò sou sijè yo teste yo ki ta ka netralize nouvo kowonaviris la. (4)

0 3

# Chanjman nan indistri yo pou ede batay kont COVID-19

Entreprenè sosyal Cherrie Atilano nan Filipin te pèmèt kiltivatè yo vann manje, sil pat fè sa pri manje sa yo tap desann. Antrepriz sosyal yo rele Agrea, ede kiltivatè yo soti nan agrikilti pou yo manje a a agrikilti pou yo vann. 26 avril ki sot pase laa, pwojè saa te voye bay prèske 30,000 fanmi 138,000 kg fwi ak legim kel te pran nan men prèske 4,000 fèmye. Anplis de sa, pwojè a ap bay manje nan uit kwizin kominotè ke yo te mete kanpe pou bay pèsonèl medikal kap trete moun ki gen kowonaviris yo manje. Jiska prezan plis pase 2,000 doktè te benefisye de manje gratis. (5)

Yon Kafe ki nan Daejeon an Kore di sid, itilize wobo pou fè kliyan kafe pou kenbe distans sosyal. Sistèm lan ka fè 60 kalite bwason diferan, ak sèvi kliyan sou tab yo. Yon kòmand sis bwason ke yon kyòs fè pran sèt minit. Gen yon sèl anplwaye moun nan Kafe a, li responsab pou netwaye ak ranpli vè yo. (6)



Taiwan se youn nan premye peyi ki te mete sou pye byen bonè yon sistèm siveyans. Yo konsiderel tankou yon "kloti dijital," kote yo siveye a pati de siyal telefòn anplasman kay tout moun ki ta dwe rete an karantèn lakay yo. Depi yon moun ta deplase twò lwen lakay li, sistèm lan sonnen yon alam e menm kote a yo kòmanse rele oubyen voye mesaj bay moun lan pou yo mandel ki kotel ye. Kelkeswa moun ke yo ta jwenn ki pa ta respekte karantèn lan ap peye yon amand ki ka rive jiska yon milyon NT $ (33 000 $). (7)

Gouvènman Hong Kong la ap itilize braslè GPS pou lokalize tout moun ki anba karantèn kowonaviris la. Nan ayewopò a, yo bay tout moun ki debake yo yon braslè, Yo chak gen yon kòd QR inik. Itilizatè yo pral lè sa a telechaje yon aplikasyon yo rele StayHomeSafe sou telefòn yo, epi skane kòd QR la pou'l ka asosye braslè a ak aplikasyon an. Yon fwa yo rive lakay yo itilizatè yo dwe mache nan tout kay la yon fason pou yo ka kalibre braslè a. Si yon moun ta manke kite lakay li pandan li nan karantèn lan, aplikasyon an voye yon avètisman epi fè gouvènman konn sa. Kelkeswa moun ki pa respekte karantèn lan  ka fè 6 mwa prizon oubyen peye yon amand ki ka rive jiska 25 000 HK $ (3 200 $ US). (8)



# Pwogrè Teknolojik

Rechèch ap fèt nan Penn State, inivèsite  Minnesota, inivèsite Tokyo ak inivèsite Tohoku sou yon lanp UV pòtatif ki ka touye COVID-19 sou kote li poze yo. Pwoblem ki genyen ak aparèy kounyea yo anpil fwa lanp sa yo se gaz ki gen mèki ki koute chè ke yo pran, sa ki fè ke yo bezwen anpil pisans, yo pa dire ditou epi yo jennan lè wap itilize yo pou zafè pèsonèl. Objektif rechèch la se te devlope dyòd elektwoliminesan ki gen anpil ki gen anpil pèfòmans, ke yo ka pote, ki dire lontan, ki economize enèji e ki pa deranje anviwònman an. (9)

Konpayi ki nan Kore di sid yo rele  SD Biosensor an  te kòmanse fabrike kit  tès rapid antikò nan izin  Manesar pou  detekte Covid-19 nan peyi End. Desizyon saa ta dwe reponn a bezwen tès ke peyi End genyen an. (10)

Lekòl medikal Duke-NUS, GenScript Biotech Corporation ak Ajans Singapore pou Syans, Teknoloji ak Rechèch (A * STAR) anonse yon akò esklizif pou yo devlope ak fabrike ansanm yon tès sewolojik antikò Covid-19, ki va pèmèt yo detekte byen vit antikò netralizan yo. Yo mete Nabs yo nan sewòm moun ki enfekte ak Covid-19 la e se yo ki responsab eliminasyon enfeksyon viral la. Yo ka fè nouvo tès saa ke yo rele cPass la nan mwens pase inèd tan nan pi fò laboratwa rechèch ak klinik yo. (11)

Chyen wobo jòn ki rele Spot la, sila a ke yo te itilize nan New York pou ede bay swen a distans lan te deplwaye pou fè patwouy nan yon pak Singapore epi asire moun yo obsève distans sosyal pou anpeche yo pwopaje Covid-19 la. Pandan lap fè patwouy nan pak la, li itilize kamera pou'l ka kontwole kantite moun ki nan pak la epi bay mesaj ak moun kap kouri ak mache yo pou'l fè yo sonje kenbe twa pa distans yo ak tout moun. (12)

iWEECARE te anonse ke tèmomèt pòtab li an ki rele Temp Pal la te chwazi pou batay ak viris la. Yo itilize Temp Pal pou pwoteje travayè lasante yo nan lopital inivèsitè nan peyi iland ak nan lopital jeneral Cheng Hsin nan Taïwan. Yo itilizel tou pou jere moun ki mete tèt yo an karantèn nan vil Lachin yo rele Nanjing pou yo ka redwi kantite travay ak kontak twò sere ak moun ki gen anpil risk yo. Sistèm siveyans san kanpe tanperati a pati de entènèt yo avèti byen bonè lafyèv yo. Aparèy la la pou ede yo redwi risk enfeksyon yo lel pèmèt moun yo mete tèt yo an izolman byen bonè, anplis de sa li anpeche anbouteyaj sistèm sante yo lel redwi kontak fizik ant pèsonèl ki la pou bay swen yo ak moun ki malad yo. (13)

# AFRIK & MWAYEN ORYAN



**Dat preparasyon: jen 2020**

## Devlopman medikaman/ vaksen




Reprezantasyon grafik pi wo a montre nou devlopman yon medikaman / vaksen. Premye faz la (Faz 0) pi souvan ke yo rele faz la pre-klinik. Pwosesis prensipal la gen ladan kat (4) faz, Faz I a IV. Pou COVID-19, longè chak faz yo vin pi kout epi Faz I ak II etid yo te vin fè yon sèl.

Depi 15 jen 2020, te gen 348 medikaman nan Faz 0, 13 medikaman nan Faz I, 30 medikaman nan Faz II, ak 9 nan Faz III. Pa gen okenn medikaman ki te deplase sou Faz IV. (14)

Syantifik nan Inivèsite King Abdulaziz nan Jeddah, ap kolabore avèk SaudiVax pou devlope yon vaksen halal COVID-19. Nan devlopman vaksen yo, syantifik yo te itilize selil vivan ki bezwen eleman nitritif pou viv ak siviv. Eleman nitritif sa yo ta ka gen ladan yo eleman ki pa konsidere kòm akseptab daprè lalwa Islamik - pa egzanp engredyan ki sòti nan kochon tankou jelatin oubyen bil. (15)




Gwoup TASK biotech Afrik di sid te kòmanse premye esè sou kontinan an nan mwa me pou yo gade si 250 travayè ki gen gwo risk yo, ke yo te bay yon dòz rapèl nan vaksen BCG montre pi bon pwoteksyon kont COVID-19 pase menm kantite travayè ke yo te bay yon plasebo. Yo espere jewnn twa mil travayè sante pou patisipe nan esè a an jeneral. Chèchè yo ap tann rezilta preliminè nan lespas sis mwa pou esè a ki tap dire yon ane. Yo fè tès yo pou wè si vaksen ki gen pase yon syèk la ki rele Bacille Calmette-Guerin (BCG), ke yo itilize anpil an Afrik pou tibèkiloz, pwoteje vre kont nouvo coronavirus la. Yo te kòmanse tou an Oland ak Ostrali. Men kontrèman ak peyi sa yo, kote vaksinasyon BCG a kan timou yo fèt yo pat oligatwa, pou esè an Afrik di Sid la yuo te oblije enjekte moun yo pou yon dezyèm fwa. Piki BCG yo obligatwa lè timoun yo fèt an Afrik di Sid, kote TB se yon gwo asasen. 16)

Chèchè nan Sheikh Khalifa Medikal Vil la nan Emira Arab Ini yo ap travay sou yon tretman potansyèl selil souch pou COVID-19. Selon ekip la, nouvo tretman an ka ede soulaje sentòm ki gen rapò ak kowavavirus yo e yo ka menm vann li pita nan ane a. Remèd la sèvi ak metòd "mini envaziv" kote yo pran yon selil souch COVID-19 yon pasyan, yo aktive epi transfòme yo tankou yon vapè ke yo ka respire respire. Sa soulaje sentòm tankou souf kout e petèt touse. (17)

## Chanjman nan kek indistri pou ede lit kont COVID-19

Yon izin kap travay nan resiklaj nan Tanzani te kòmanse fè ak vann mask figi an plastik pandan pandemi COVID-19. Izin lan te gen yon biznis ki tap byen mache nan zafè tretman papye ize ke li ekspòte bay kliyan nan Lachin ak peyi Lend, li te konn fè $ 37,000 benefis chak mwa. Sepandan, kòmand yo te diminye se konsa mèt izin lan te wè yon opòtinite. Nan dènye semèn yo yo te fè 6,000 inite ke yo te vann $2 chak. (18)

Nestlé Cameroon te fè kado 10 tòn pwodi alimantè ki te vo CFA133 million 10 pou ede plis pase 110,000 moun nan tout peyi a

SPAR Katar te vin avèk kamera tèmografik devan pa pòt magazen yo pou pran tanperati kò pou yo anpeche pwopagasyon COVID-19. Yo mande vizitè nan SPAR hypermarché nan Qatar yo gade kamera yo ki tou pre biwo enfòmasyon an pou yo ka gen tanperati yo menm kote a avan yo antre nan magazen an. Si yo detekte yon tanperati kò ki wo, aparèy la bay yon son, lè saa kliyan an pap ka antre. (20)

Yon app yo rele The Market Garden, ke yo te lanse an 2018 an Ouganda, pèmèt vandè yo vann ak delivre fwi ak legim bay kliyan san danje. Yo peye fanm yo a pati yon platfòm pou limite risk pou viris la transmèt nan echanj la nan lajan kach. (21)

LifeBank, yon jèn biznis ki nan tan nòmal te konn bay san ak oksijèn nan lopital ak pasyan yo, te travay ak plizyè patnè pou bati enstalasyon kote yo ka fè tès yo pandan ke chofè a chita nan machin li. 30 Mas ki sot pase a , Lifebank te kolabore ak Enstiti Nijeryen nan rechèch medikal (NIMR) pou monte ton sant gichè-chofè ki ka resevwa 2000 moun nan distri Yaba nan Lagos. De semèn aprè, yon lòt sant tès mobil te louvri pòt li nan vil Ibadan ki twouve li a 130km sid nan Lagos, pou teste 2000 moun nan de semèn. (22)

# AVANS TEKNOLOJIK

Rwanda te enstale yon seri wobo nan jefò pou redwi risk pou yon anplwaye medikal pran coronavirus. Wobo yo fè travay ki senp yo, tankou tcheke tanperati ak siveye pasyan yo, konsa yo diminye ekspozisyon moun ak maladi a. Pandan yap transmèt mesaj yo bay doktè yo epi ede ekip la evalye efikasite desizyon klinik yo, wobo yo redwi kantite vizit moun kote doktè yo. Se Pwogram Devlopman Nasyonzini ki te bay wobo yo. (23)

Laboratwa QuantLase Imaging, pati ki okipel zafè rechèch medikal nan Abu Dhabi Stock Exchange a, te anonse ke li te devlope nouvo ekipman ki sèvi ak entèlijans atifisyèl ki pèmèt pou fè tès depistaj pou anpil moun an menm tan e pi vit, rezilta tès yo ki disponib nan de twa segonn . Aparèy la bon non sèlman nan lopital ak kote piblik tankou sinema ak sant komèsyal, men ak yon 'ti kras fòmasyon pratik' li kapab itilize pou fè tès ak siveyans. pou kay ak biwo. Laboratwa a espere mete pwodwi saa sou mache nan kelke mwa. (24)

Unique Group, yon konpayi teknoloji soumaren, te reyisi avèk siksè tès beta sou Uni-Life 100 li an, yon sistèm vantilasyon a presyon pozitif ki pa gen okenn efè sou kò a. Sistèm lan te devlope Cape Town e li te fèt pou ede peyi Afriken yo nan batay kont COVID-19. (25)



**"Solas" vle di nan limyè a an Ilandè, ak platfòm nouvèl ak medya sosyal yo ki chita sou reyalite dezagreyab COVID-19 lan, bilten sa a la pou pote nouvèl pozitif sou diferan rejyon yo .**

# EWÒP

**Dat preparasyon: jen 2020**

## Devlopman medikaman/ vaksen

Syantifik nan Enstiti Nasyonal pou Maladi ki bay enfeksyon nan Lazzaro Spallanzani nan peyi Itali te deklare ke gen yon vaksen tès ki ta ka netralize Coronavirus nan selil imen. Daprè rezilta tès ki te fèt nan Lopital Spallanzani nan lavil Wòm, vaksen an te pwodwi antikò kay sourit yo ka travay sou selil imen yo pou anpeche viris la enfekte selil yo. (26)

Plis pase 400 volontè nan Bèljik deja enskri pou patisipe nan esè klinik pou yon vaksen Covid-19 , ki ta dwe kòmanse nan mwa Jiyè. Se Janssen Pharmaceutica ki te anonse esè vaksen sa yo nan mwa jen an, ki ta dwe fèt nan peyi Bèljik ak nan peyi Etazini. Yon konpayi Bèlj kap fè medikaman ap chèche pou fè tès sou yo 1.045 granmoun ki gen laj ant 18 a 55 an, ak granmoun ki gen plis pase 65 an, konpayi sa'a se fanmi ak konpayi Johnson & Johnson. Premye faz nan esè a ki te dwe, avan sa, komanse nan mwa septanm nan men yo te avanse dat la pou yo kòmanse nan dezyèm mwatye mwa Jiyè. (27)







Vaksen Inivèsite Oxford devlope te jwenn  sipò gouvènman Anglè  ak konpayi pharmaceutique AstraZeneca. Vaksen an ka bay pwoteksyon pou yon ane epi  yo espere jwenn rezilta esè klinik yo pou mwa Out / Septanm. (28)

Chèchè nan Inivèsite lès Finland ak Inivèsite Elzenski devlope yon vaksen COVID-19 ke yo ka bay nan nen. Lè yo flite vaksen an nan nen ak aparèy respiratwa siperyè moun lan sa pral kòmanse fòmasyon antikò kont viris COVID-19. Pou vaksen an, se sèlman pwoteyin lan ki nesesè i yo pa bezwen viris la. Anpil lòt vaksen sèvi ak viris la ki lakòz maladi swa nan yon febli oswa nan yon fòm modifye. Yo prevwa pou yo kòmanse esè klinik otòn kap vini laa. (29)



# CHANJMAN NAN ENDISTRI YO POU EDE NAN BATAY KONT COVID-19 LA

Jèn konpayi ke yo rele Hmcare ki baze nan Jenèv te anonse ke li te rasanble 1milyon fran Swis ($1.05m) pou'l pwodwi HelloMask li yo, ki se yon mask chirijikal konplètman transparan. Daprè konpayi sa'a HelloMask la pral ede satisfè yon bezwen swen sante kritik pou pi bon kominikasyon vèbal ak non-vèbal nan anviwònman medikal la, pou diminye "krentif ak strès" paske yo pat kapab idantifye pèsonèl swayan ki pote ekipman pwoteksyon pèsonèl. HelloMask pèmèt figi moun ak ekspresyon vizaj yo konplètman vizib, pandan li pèmèt moun lan byen respire epi ak pwotejel kont mikwòb ki ka bay maladi yo. Li espere ke mask la pral ede devlope senpati ak byennèt nan koneksyon moun ak moun. (30)

Yon nouvo sèvis dwòn ap diminye tan livrezon pou founiti medikal ijan nan yon lopital sou zile nan Wight, ki twouvel a anviwon 8 kilomèt nan kòt sid Anglete. Zèl fiks la, Dwòn 2 motè sa'a (yon avyon ki ka vole sanl pa bezwen pilòt) ka vole pou kont li 1000 kilomèt (620 Miles) li ka pote yon chaj rive jiska 100 kilo nan yon pòch anba vant li ki gen menm gwosè ak yon kòf machin. Avyon an ka fè vwayaj la soti Solent ki se dlo ki separe zile ki gen anviwon 142,000 moun nan apeprè 10 minit, pi vit pase Ferry tradisyonèl yo ki pran yo menm apeprè 30 minit, ak pi bon mache pase yon vòl nòmal. UAV a te devlope nan Inivèsite Southampton, se Jèn antrepriz ki rele Windracers ki te finanse'l pou distribye èd imanitè. Li te jwenn yon pèmisyon espesyal poul vole nan Grann Bretay pou gouvènman an pote repons pou COVID-19 lan. (31)

Nan kad sipò envestisman kominote li yo, Rio Tinto te dispoze €40,000 an solidarite ak Gouvènman nan Sèbi ak sitwayen Sèb yo goumen kont epidemi COVID-19 la. Konpayi an te bay €20,000 pou Lakwa Wouj nan Bèlgrad ak €20,000 pou Lakwa Wouj nan Loznica. Don saa pral itilize pou achte ak livre kit alimentè esansyèl ak atik ijyèn pou sitwayen ki pi frajil nan Bèlgrad ak Loznica. (32)



## Pwogrè teknolojik

Pyramid Computer, ki twouvel an Almay te lanse yon kyòs depistaj sante ki rele 'polytouch® 32 koub - kontwòl aksè' ki otomatikman mezire tanperati kò moun pou otorize pèsonèl ak vizitè nan bilding ak zòn piblik yo. Lèl Konbine detèktè tanperati ak lojisyèl ZipKey - ki fè prèv li nan verifikasyon paspò pou kontwòl fwontyè ak rekonesans figi byometrik - Kyòs Pyramid polytouch® 32 ofri yon wo nivo nan sekirite ak presizyon pou aksè piblik. (33)

**CONT...**

GeneMe, yon konpayi biotech ki baze nan Gdańsk, Polòy te devlope "FRANKD" - yon tès kote yo foure yon ti baton tankou yon aplikatè nan bouch ki  rapid ak fyab pou COVID-19 ki fèt sou plas e ki pran  an mwayèn 13-25 minit san yo pa bezwen  patisipasyon laboratwa. Tès la ap koute biznis ki nan rejyon yo  £ 10, sa ki fè li vin pi bon mache pou fè tès la pou anpil moun chak jou kote yap bay laswenyaj, nan ayewopò, nan biwo, ak anpil lòt kote ankò. Avèk konsantman moun lan, yo voye rezilta yo menm kote a  bay yon aplikasyon dijital yo rele Yoti, ki se yon aplikasyon ki gratis e ki gen sekirite. kan se moun ki resevwa fòmasyon ki fè tès  yo sa elimine reta ak pwoblèm pou voye echatiyon tès la bay teknisyen laboratwa yo pou yo fèl. (34)

Abbott te anonse kel resevwa yon makaj CE pou fè tès antikò Covid-19 la nan laboratwa, yo gentan kòmanse  voye yon bann ak yon pakèt toupatou an Ewòp. Tès IgG SARS-CoV-2 idantifye antikò Covid-19 IgG, yon pwoteyin kò a pwodui nan dènye stad  enfeksyon an, e ki ka rete ankò plizyè mwa oswa menm plizyè  ane apre ke moun lan fin geri. Tès la te kapab demontre an menm tan sansiblite ak espesifisite pou plis pase 99% 14 jou  apre premye  sentòm yo pandan premye tès la. Yo va fè tès la premyeman sou enstriman laboratwa Architect i1000SR et i2000SE d'Abbot epi yo va metel sou sistèm Alinity i. Abbottprevwa etann tès antikò Covid-19 li yo sou antikò IgM nan jou kap vini la yo. (35)



Yon consortium franse - ki gen ladan konpayi franse Vogo, SKILLCELL, CNRS SYS2DIAG laboratwa a ak INOVIE - yo ap travay sou yon tès depistaj saliv ki baze sou yo detekte COVID-19. Objektif konsòsyòm lan se pou yon pwofesyonèl medikal, ki enplike nan kolekte mwens pase 1 mililit saliv nan men yon pasyan, pou fè tès la. (36)



# AMERIK SID

**Dat preparasyon: jen 2020**

## Devlopman medikaman/ vaksen

Depi 25 jen 2020, te gen 374 medikaman nan Faz 0, 11 medikaman nan Faz I, 34 medikaman nan Faz II, ak 8 nan Faz III. Pa gen okenn medikaman ki te deplase sou Faz IV. (37)

Syantifik ki soti nan peyi Brezil, Chili ak Pewou te kòmanse rechèch yo pou devlopman yon vaksen COVID-19 lan yon fason pou yo te fasilite aksè a epi granmou tèt yo pa rapò a lòt peyi yo. (38)

Sinovac Biotech (Lachin) te asosyel ak Enstiti Brezilyen Butantan poul te kab fè avanse vaksen COVID-19 li an, CoronaVac, nan esè klinik faz III yo. Patnè yo te antann yo sou lòt akò pou yo ka jwenn lisans teknolojik, otorizasyon pou yo mete sou mache a ak vann Coronavac la (39)

Regilatè sante Brezil Anvisa te apwouve esè klinik nan yon vaksen tès COVID-19 vaksen ke chèchè nan Inivèsite Oxford nan UK te devlope e ke AstraZeneca te sipòte. Etid faz III a pral evalye sekirite ak efikasite kandida vaksen an, ChAdOx1 nCoV-19. Inivèsite Federal nan Sao Paulo (Unifesp) ap ede kondwi etid la ki ta dwe kòmanse nan mwa sa a ak enskri 2,000 patisipan yo. Unifesp gen entansyon enskri 1,000 volontè ki tap travay an kontak dirèk ak COVID-19 ki pa te enfekte. (40)

**CONT...**

Yon ekip syantifik an Ajantin ap travay pou jwenn antikò monoclonaux ki soti nan poul ak lama yon fason pou yo pwodwi an menm tan yon vaksen ak yon medikaman pou COVID-19. Ekip la kwè ke yo ka itilize antikò ke yo jwenn nan lama yo pou devlope yon vaksen ak yon medikaman pou malad COVID-19 yo. (41)

## Pwogrè Teknolojik

Yon laboratwa Irigweyen, Aravanlabs, te fabrike yon tib esè ki stoke ak transpòte trè byen echantiyon COVID-19 e rezilta yo te garanti. Tib tès yo dwe bay yon bon anviwònman pou echantiyon yo yon fason si SARS-CoV-2 (COVID-19) la prezan li rive nan yon bon kondisyon nan laboratwa tès la. Nan kòmansman mwa avril la konpayi an te kreye premye lo li yo, ki li te pote bay plizyè enstitisyon irigweyen pou yo verifye efikasite pwodwi a epi yo te kòmanse pwodwi 500 grenn chak jou, chif ke yo espere ki ap ogmante akòz demand entènasyonal la. (42)

Syantifik Ajantin yo pwodwi yon nouvo tès ki rele "NEOKIT-COVID-19" ki pèmèt deteksyon viris la nan mwens pase de zèd tan. Tès la ap bon mache, lap koute $ 8 sèlman epi lap aksesib. (43)

Lopital brezilyen Albert Einstein te anonse kreyasyon yon nouvo tip tès COVID-19 ke Varstation te devlope, youn nan jèn konpayi ke pwogram enkibasyon lopital la te sipòte. Teknik lan, ki pral disponib nan mwa jen, ap kapab trete plis pase 1,500 echantiyon ansanm, sa ta kapab bay yon bon elan a kapasite tès peyi a. (44)



## Chanjman nan kek indistri pou ede lit kont COVID-19

Volkswagen OBrezil  te mete 100 machin a dispozisyon  doktè ak enfimyè yo pou deplasman yo, menm jan an tou pou transpò  medikaman ak ekipman lasante yo. Machin yo te disponib pou minisipalite São Bernardo do Campo, Taubaté ak São Carlos ak São José dos Pinhais ansanm ak Gouvènman federal nan Eta São Paulo. (45)

Grupo Exito pral bay 500,000 pwovizyon alimantè debaz bay moun ki pèdi travay yo akòz pandemi Kowonavirus la. Anplis de sa Grupo Exito pral  pote manje gratis bay travayè lasante Kolonbyen. (46)

AquaChile te konvèti laboratwa li a, kel te konn itilize nan tan nòmal poul fè tès biyoloji molekilè sou somon, pou plis tès COVID-19 nan peyi Chili. Chanjman saa ta dwe ogmante tès nan pati sid peyi a. (47)

Konpayi nan zafè ijyèn ki rele Always la, pral bay 200 mil  Real Brezilyen pou ankouraje rechèch sou nouvo Kowonavirus lan  ak ankouraje patisipasyon fanm yo nan lasyans. Li pral bay tou  200 mil dezenfektan  gratis bay doktè yo, enfimyè, ajan netwayaj ak resepsyonis nan lopital nan São Paulo. (48)

# AMERIK DI NÒ




## Devlopman medikaman/ vaksen

**Dat preparasyon: jen 2020**

Chèchè nan Inivèsite Otonòm Nuevo León (Meksik) ap devlope yon vaksen COVID-19 ke yo ka manje  lè l sèvi avèk  tomat ke yo  modifye jenetikman pou  ankouraje repons iminitè nan kò a pou'l pwodwi antikò kont viris la. Pwojè sa a rekòmanse ak envestigasyon ki te kòmanse an 2017 okòmansman pou Deng, Zika ak Chikungunya. Benefis ki genyen nan lè l sèvi avèk plant yo se pi ba pri pwodiksyon, li pran mwens tan pou yo jwenn pwodwi antigenic, epi plis sekirite. (49)

Konpayi ameriken biyotekniloji ke yo rele Moderna te anonse ke vaksen kont Covid-19 li an ap rantre nan twazyèm epi dènye etap esè klinik an Jiyè avek 30, 000 patisipan. (50)

Entos Pharmaceuticals (Kanada) te chwazi de modèl vaksen pou yo kòmanse fè tès sou moun. Vaksen Entos la  baze sou ADN . Kontrèman ak yon vaksen tradisyonèl ki bay pasyan yo yon viris inaktif pou aprann  kò a goumen maladi a,  vaksen jenetik bay  ADN lan yon plan batay. Faz 1 ka kòmanse nan mwa Out nan Halifax. Faz 2 ta dwe  kòmanse nan mwa septanm lan, pou'l rive jis Kanada ak Etazini. (51)

University of Saskatchewan (USask) nan Kanada te bay rapò sou enfòmasyon pozitif ki soti nan etid  pre-klinik  vaksen tès COVID-19 ke òganizasyon entènasyonal  pou Vaksen ak maladi ki bay enfeksyon  (VIDO-InterVac) te devlope. Jiska prezan vaksen an montre'l efikas anpil kay firè yo, ki youn nan bèt ke yo itilize pi souvan pou Covid-19 lan. (52)

## Chanjman nan kek indistri pou ede lit kont COVID-19

Gwoup Marena LLC, yon manifakti aparèy medikal ki baze Jorji, te anonse ke menm kote a li te kòmanse fabrike nouvo mask ki pa chirijikal pou timoun yo akòz pandemi COVID-19 la. Mask anti-bakteri yo ka lave epi ki kapab itilize yo ankò. Yo pral fabrike yo nan twa gwosè diferan, yap bon pou timoun ki gen laj 5-16 an. Koulye a, Marena ap asire ke tout fanmi an gen mask ki konfòtab pou rete an sante epi san danje. Mask Marena a pou timoun yo dirab, yo ka respire ladanl, yo ka reziste a flanm dife, epi yo gen pwoteksyon anti-bakteri yon fason pou ede nan batay pou anpeche COVID-19 la pwopaje. (53)

Machin kap kondwi san chofè yo, kamyon, robo twotwa ak navèt ki soti nan laboratwa yo, nan pakin yo ak nan lari peyi Etazini yo ede fè livrezon nan makèt, pote manje ak founiti medikal. Byen ke konpayi machin kap kondwi san chofè yo te kanpe sou tès sou wout Etazini yo paske sa pat konsidere kòm yon biznis ki enpòtan, virewon nan livrezon yo pèmèt yo tounen sou wout la pou ranmase plis enfòmasyon. Okenn nan twa konpayi yo ki angaje nan zafè livrezon sa yo pat jwenn lajan pou sa, men plizyè operatè te deklare ke sa pèmèt yo jwenn plis eksperyans ak enfòmasyon nan operasyon livrezon sa yo. (54)

Pandan ke Walgreens tap pouswiv angajman li pou li bay yon pi bon aksè a tès COVID-19 la bay resous kominote yo, l' ap travay pou'l ogmante tès sou volan yo nan 15 nouvo sit nan sèt eta, se sa ke konpayi an te anonse. Nan eta sa yo nou jwenn Arizona, Florida, Ilinwa, Kentèki, Lwizyana, Tenese ak Tegzas. Ekspansyon an se yon pwochen etap bati sou kolaborasyon Walgreens 'ak Administrasyon an, ajans sante federal, ak eta a ak otorite lokal yo. (55)

Espesyalis nan rejim alimantè kap travay nan sipèmakèt Hannaford yo ap ofri konsèy lasante ak konsèy byennèt pandan pandemi sa a. Yo te pale sou plizyè sijè tankou kòman pou magazen yo kenbe pwodwi li yo toujou fre, ki manje pou nou manje si nou vle kenbe kò nou djanm, yo te pale tou sou strateji pou nou fè ekonomi le nou al achte manje epi kòman nou kapab byen maje ak yon ti kras kòb. (56)

## Avans Teknolojik

Prime Home Health Services, ki se yon ajans modèn ki diplome nan zafè bay swen lakay, te lanse'l dènyèman nan siveyans malad COVID-19 yo, swiv sante yo adistans gras a yon teknoloji yo rele **MonitorMe**, ki se yon pwogram tout ansanm fè youn pou sante ak byennèt. Sistèm MonitorMe a sèvi ak yon plak san fil ki tache sou bò gòch pwatrin yon malad epi transmèt vitès kè ak aktivite elektrik, respirasyon to ak nivo oksijèn. (57)

Yon konpayi Koreyen ki fè dyagnostik molekilè, Gencurix, Inc., te anonse ke yo te resevwa nan men Food and Drug Administration (FDA) USA otorizasyon pou itlize an ijans tès GenePro SARS-CoV-2 li an. Se dezyèm tès RT-PCR ke Gencurix te lanse apre premye tès la, Tès deteksyon GenePro COVID-19 te pibliye nan mwa mas ki ki sot pase a. Pi gwo avantaj tès GenePro SARS-CoV-2 gen ladan se ke li te pèmèt yo siveye an menm tan jiska 384 echantiyon sa ki tap pèmèt avèk anpil vitès nouvo kowonaviris. Avèk FDA nan Etazini, Gencurix kounye a kapab bay tès deteksyon COVID-19 li yo nan tout peyi. (58)



Syantifik Lekòl Medsin nan Inivèsite Maryland devlope yon tès dyagnostik eksperimantal pou COVID-19 ki pèmèt ou wè ak jew prezans viris la nan 10 minit. Tès la itilize nanopatikil - ti patikil ke moun pa ka wè ak je- yo detekte yon chanjman koulè soti nan koulè vyolèt rive ble lè viris la prezan. Tès sa a ta ka koute pi bon mache pou pou fèt ke yon tès nòmal ke yo fè nan laboratwa pou COVID-19 ; li pa egzije ekipman laboratwa oswa pèsonèl ki resevwa fòmasyon pou sa pou fè tès la epi analize rezilta yo. (59)

Yon gwoup de konpayi teknoloji - SkyWater Technology, - Linear ASICs, Asymmetric Return Capital - ap travay sou yon plak gwosè yon ti bandaj ke yon moun ta ka pote sou li pou kontwole tanperati kò ki wo ki ka pafwa yon siy COVID-19. Konpayi yo te di ke patch la fèt pou mete sou po moun lan epi konekte san fil nan yon telefòn entelijan pou kontwole tanperati kò yon moun. Konpayi yo espere itilize entèlijans atifisyèl pou analize siyal tankou son touse pou idantifye modèl pou sentòm COVID-19. (60)





# AUSTRALASIA

**Dat prepare: jen / jiyè 2020**

## Devlopman medikaman/ vaksen

